


GID POU TI BIZNIS SOU

Flux Bankè QuickBooks yo

Match. Add. Transfer.

Kijan pou w evite revni doub epi kenbe dosye QuickBooks Online ou egzat.



NAN GID SA A

- Règ desizyon Match vs. Add vs. Transfer la
- Skèma desizyon 3 segond lan
- Sa pou w fè si w deja klike sou « Add » pa ere

Èske QuickBooks Ap Konte Revni Ou Deja Fwa?

Ou te anrejistre yon fakti kliyan ak yon peman nan QuickBooks. Pi ta, menm peman sa a parèt nan flux bankè ou a.

Ou klike sou **Add**.

Kounye a QuickBooks ka gen 2 anrejistreman ki reprezante menm lajan an.

Erè ki Rive Souvan an

Fakti Kliyan



Peman Kliyan Anrejistre nan QuickBooks



Peman an Parèt nan Flux Bankè a



✗ **ADD kòm nouvo revni**

Bon Fason pou W Fè I la

Fakti Kliyan



Peman Kliyan Anrejistre



Depo a Parèt nan Flux Bankè a



✓ **MATCH ak transaksyon QuickBooks ki deja egziste a**

GWO REGÒ A

Si transaksyon an deja anrejistre nan QuickBooks, chèche l epi fè MATCH — pa kreye yon lòt transaksyon revni.

QuickBooks eksplike lè w fè "match" yon transaksyon bankè ou telechaje ak yon anrejistreman ki deja egziste, sa ede evite doub.

Poukisa Sa Enpòtan

Transaksyon doub yo ka afekte:

- Revni sou rapò Profit & Loss ou

- Balans kont yo
- Rekonsilyasyon bankè
- Rapò finansye yo
- Enfòmasyon yo itilize pandan preparasyon taks

Yon erè kontabilite pa toujou vle di lajan an menm te mal. Pafwa pwoblèm nan se sèlman menm transaksyon an ki te anrejistre 2 fwa.

PAJ 2 — MATCH vs. ADD vs. TRANSFER

Konnen Sou Ki Bouton Pou W Klike

AKSYON	LÈ POU UTILIZE L	EGZANP SENP
MATCH	Transaksyon an deja egziste nan QuickBooks	Peman kliyan ki deja anrejistre
ADD / CATEGORIZE	Transaksyon an vrèman nouvo	Nouvo depans biznis ki telechaje soti nan bank lan
TRANSFER	Lajan deplase ant pwòp kont ou yo	Kont chekin biznis → kont epay biznis

1. MATCH

Itilize **Match** lè QuickBooks deja anrejistre transaksyon an.

Egzanp

Ou resevwa yon peman kliyan \$1,000. Ou deja anrejistre peman sa a nan QuickBooks. Pi ta, depo \$1,000 la parèt nan flux bankè ou a.

Bon aksyon: MATCH. W ap konekte transaksyon bankè ou telechaje a ak transaksyon ki deja egziste a.

2. ADD / CATEGORIZE

Itilize **Add** oswa **Categorize** lè transaksyon an vrèman nouvo epi li poko antre okenn lòt kote nan QuickBooks.

Egzanp

Flux bankè ou a montre yon abònman lojisyèl \$75. Ou poko antre transaksyon sa a okenn lòt kote nan QuickBooks.

Bon aksyon: ADD / CATEGORIZE li nan kont depans ki kòrèk la.

3. TRANSFER

Itilize **Transfer** lè lajan deplase ant kont ki fè pati menm biznis la.

Egzanp

Ou deplase \$2,000 soti nan Kont Chekin Biznis pou ale nan Kont Epay Biznis. Sa se pa yon nouvo revni.

Bon aksyon: **TRANSFER**.

REGÒ DESIZYON 3 SECOND LAN

Èske li deja nan QuickBooks? → WI → **MATCH**

Èske se yon transaksyon ki vrèman nouvo? → WI → **ADD / CATEGORIZE**

Èske lajan an ap deplase ant pwòp kont mwen yo? → WI → **TRANSFER**

PAJ 3 — MWEN DEJA KLIKE SOU « ADD ». KISA POU W FÈ KOUNYE A?

Pa Panike.

Si ou te ajoute pa aksidan yon transaksyon bankè ki te deja anrejistre nan QuickBooks, pa efase fakti a oswa peman kliyan an touswit. Premye bagay, verifye sa ki vrèman rive.

ETAP 1

Verifye Releve Bankè a

Konfime transaksyon an vrèman rive. Yon antre ki sanble doub nan QuickBooks pa otomatikman vle di bank lan te chaje w 2 fwa. Konpare: kantite lajan, dat, deskripsyon, kont bankè, enfòmasyon kliyan/peman.

ETAP 2

Jwenn Transaksyon Orijinal la

Chèche nan QuickBooks pou peman kliyan orijinal la oswa lòt transaksyon an. Poze tèt ou kesyon: èske lajan sa a te deja anrejistre? Si wi, transaksyon flux bankè a ka te ajoute pa ere kòm yon dezyèm transaksyon.

ETAP 3

Anile Ajout Ere a

Si transaksyon flux bankè a te ajoute pa ere, QuickBooks bay yon opsyon Undo ki ka retounen transaksyon an nan zòn revizyon an. Apati la, revize l ankò epi detèmine si li dwe fè MATCH.

ETAP 4

Fè Transaksyon an Match

Yon fwa ajout ere a anile: jwenn transaksyon QuickBooks ki deja egziste a, revize match la, epi fè MATCH. Objektif la: yon sèl peman reyèl, yon sèl anrejistreman QuickBooks ki koresponn.

ETAP 5

Revize Rapò Ou Yo

Apre w korije transaksyon an, revize Profit & Loss ou, rejis bankè ou, istwa peman kliyan ou, ak rekonsilyasyon bankè ou. Chèche siy ki montre revni oswa balans yo te gonfle pa transaksyon doub.

Enpòtan: Pa efase fakti oswa peman kliyan orijinal la sèlman paske ou wè menm depo a nan flux bankè a. Objektif la se korije doub la pandan w kenbe vrè istwa transaksyon yo.

Siy Alèt Rapid

Fichye QuickBooks ou a ka bezwen revizyon si:

- Revni an sanble pi wo pase sa w te espere san rezon
- Yon peman kliyan parèt 2 fwa
- Menm depo a parèt tou kòm yon peman AK yon nouvo revni
- Balans bankè nan QuickBooks pa gen sans
- Rekonsilyasyon bankè ou difisil paske transaksyon yo sanble doub
- Ou souvan klike sou « Add » san w pa tcheke si QuickBooks deja gen transaksyon an

SKÈMA SENP LAN

YON TRANSAKSYON BANKÈ PARÈT

↓

Èske li deja anrejistre nan QuickBooks?

WI → MATCH NON ↓

Èske se lajan k ap deplase ant pwòp kont ou yo?

WI → TRANSFER NON ↓

ADD / CATEGORIZE

KONEKTENOU KA EDE W

Kontabilite Ou Dwe Rakonte Vrè Istwa a.

Si w pa sèten si transaksyon QuickBooks ou yo byen anrejistre, Konektenou ka ede w revize epi mete kontabilite ou an lòd.

Sèvis QuickBooks

- ✓ Konfigirasyon QuickBooks
- ✓ Netwayaj Kontabilite
- ✓ Rekonsilyasyon Bankè
- ✓ Revizyon Transaksyon
- ✓ Òganizasyon QuickBooks
- ✓ Sipò Kontabilite Kontinyèl

Ou Bezwen yon Netwayaj?

Konektenou ka revize epi netwaye kontabilite ou pou dosye ou yo vin pi egzat, pi byen òganize, epi pi fasil pou itilize pou rapò finansye ak preparasyon taks.

KONEKTENOU — Kontabilite ak Solisyon Dijital

Chak pati nan biznis ou, konekte.

Tel: (888) 691-2813 | Imèl: Info@konektenou.com | konektenou.com

Avètisman Edikatif

Gid sa a bay sèlman pou rezon edikatif jeneral. Li pa yon konsèy kontabilite, taks, oswa legal pèsonalize. QuickBooks® se yon mak deopze Intuit Inc. genyen. Konektenou pa afilye ni sipòte pa Intuit Inc. Pou pwoblèm kontabilite konplèks, koreksyon taks, oswa kesyon sou rekonèt revni, konsilte yon pwofesyonèl kalifye.

Sous

Enfòmasyon sou match, add/categorize, transfer, ak transaksyon doub yo baze sou gid QuickBooks Online Intuit pibliye. Sous: Intuit / Sipò QuickBooks Online — Transaksyon Bankè ak Transaksyon Doub.